

XX Mas, 2010

Chè Ekselan,

Pou Okazyon konferans donatè-yo sou Ayiti, nou men'm, òganizasyon ki nan tout kwen mond lan nap mande gouvènman nou yo pou yo fe dwaziman gid principal asistans entenasyonal an Ayiti.

Nou aplodi jenorizite ak angajman kominote entenasyonal la kap bay asistans ak pèp Ayisyen nan moman yo gen plis bezwen. Sepandan, Swen dwe pran pou asire ke asistans lan ap respekte dwaziman ak diyite tout Ayisyen.

Two souvan, an Ayiti e nan alantou mond lan, yo trete benefisyè asistans yo tankou viktim ki merite charite, olye de moun ki dwe gen dwazimen. Yo ekskli yo nan diskisyon ki afekte dwa fontamental yo sou koze la manjay, asistan medikal, dlo pwop, e lojman. Asistans souvan reponn ak priyorite donatè yo, olye de bezwen gouvènman ak pep ki ta dwe benefisyè-a.

Nan konferans donatè yo, nou ankouraje kominote entenasyonal la pou'l ankonbre erè ki pase-yo e pou yo adopte yon apwòch ki baze sou dwazimen—ki mande pou kore abilite pèp Ayisyen, ranfose kapasite gouvènman an pou'l garanti dwazimen ki dirab, e rann responsabilite asistans yo transparan ak pèp Ayisyen—pou tout asistans yo bay ak Ayiti.

Otorize Pèp Ayisyen pou Bati yon Ayiti pi Fò

Kominote entenasyonal la dwe konsantre nan bay pèp ayisyen an fòs tankou moun ki gen dwa. Li mande yon nivo aktif, lib, e patisipasyon ki fè sans, nan pwoje developman, egzekisyon, ak kontwòl, ki soti nan tout sosyete Ayisyen-an, tankou kominote lokal yo, sosyete sivil la ak òganizasyon kominotè, popilasyon riral yo, moun anndan ki deplase, ak fanm yo. Patisipasyon va pemèt tout Ayisyen pou yo angaje direkteman nan rekontrisksyon ak developman peyi-yo, e asire ke asistans ap reponn ak bezwen yo.

Konferans donatè-a dwe garanti ke Pwojè asistans pwal :

- Dirije pa Ayisyen e baze sou kominote nan chak etap prosè-a, tankou atravè grap Nasyon zini yo. Pi fò travay la—ak salè—dwe al jwen Ayisyen yo.
- Preferans dwe bay ak dwa moun ki pi pòv e pi vilnerab yo, tankou fanm, ti moun, enfim, granmoun, ak moun anndan ki deplase yo.
- Bay, kote ki nesesè lè Ayisyen pa ka en chaj, pozition pou Ayisyen e envesti nan fomasyon pou develope kapasite nasyonal pou ranpli fonksyon sa yo

Ranfose Kapasite Govenman Ayisyen an pou'l garanti Dwazimen

Tout aktè entenasyonal dwe konsantre nan ranfoseman Ayiti avek yon gouvènman ki gen resous li bezwen pou'l garanti dwazimen ak tout pèp Ayisyen-an. Leta donatè-yo, ONG, e Nasyon zini dwe asosye ak ministè gouvènman Aisyen yo pou'l fotifye e elaji yon enfrastiki piblik ki finalman ap pou pèp Ayisyen. Nan chak etap asistans lan, donatè yo dwe fe efò pou koòdone ak leta Ayisyen.

Nan Konferans lan, kominote entenasyonal la dwe engaje'l pou:

- Travay direkteman ak gouvernan Ayisyen-an pou identife bezwen ak develope, egzekite, e kontwole pwogram yo pou bay sevis piblik de baz ki dirab, tankou edikasyon, santé piblik, dlo, ak sevis sanitasyon.
- Bay asistans nan fòm sipo pou bidjè ak gouvènman Ayisyen-an nan tout kapasite ki posib.
- Ankouraje tout òganizasyon non-gouvènmental yo k'ap opere an Ayiti pou yo koödone ak leta Ayisyen e lòt ajans yo.

Fè Asistans ki Responsab e Transparan a Pèp Ayisyen-an

Pou asire responsabilite a Pèp Ayisyen, kominote entenasyonal la dwe engaje'l nan transparans nan nivo entenasyonal e lokal e rann pwobèm ak asistans yo jis. Enfomasyon sou tout faz kap develope e egzekite yon sovetaj, rekiperasyon, e strateji rekonstriksyon dwe aksesib ak Ayisyen nan tout kwen sosyete-a. Pwogrè, menm jan ak obstak, dwe piblik. Yon sistem pou plent dwe etabli san pa rann kont idantite moun ki komèt zak la, pou asire ke lè bagay yo pase mal oubyen lè gen vyolasyon dwazimen, ke konpansasyon disponib,

Avèk lide sa, donatè yo nan konferans lan dwe engaje pou :

- Fon yon mekanis, ki etabli ansanm ak gouvènman Ayiti-a, pou : (1) delivre enfomasyon sou pwojè asistans bay pèp Ayisyen-an ; (2) mezire, kontwole, e rann rezulta pwojè asistans yo piblik nan nivo kominote ; (3) bay yon mekanis pou ayisyen yo enrejistre plent sou pwobleme ki gen yen nan egzekisyon pwojè yo. Mekanis sa dwe administre pa leta Ayisyen an asosyasyon ak sosyete civil la e gwoup kominote de baz yo.
- Respekte prinsip Inisyativ Ed Transparans Entenasyonal, Paris, e Accra pou tout asistans pou Ayiti.
- Koödone tout asistans a travè yon fon milti-donatè ki konpran gouvènman Ayiti, sosyete civil la, ak òganizasyon kominote de baz yo kom manm ki ka vote nan komite gouvernan-an.
- Kreye yon baz done piblik sou entènèt, a travè yon fon milti-donatè pou rapò ak fè swivi promès donatè yo, distribisyon fon yo, benefisyè yo, domèn sektè, rezulta expekte, ak estati pwojè.
- Fè rapo piblikman e regilyèman sou vèrseman fon yo, pwogrè e pwoblèm ak egzekisyon pwojè nan yon fason ki aksesib a pèp Ayisyen.

Finalman, tout asistans entenasyonal dwe vize pou yo bay amelyorasyon konkrè, dirab nan vi pèp Ayisyen-an, e nan zafè dwazimen an Ayiti. Donatè yo dwe pran opotinite sa pou egzekite èd ki baze sou dwa ki ka amelyore sitiyasyon dwazimen an Ayiti anpil. Donatè entenasyonal yo dwe asire ke asosye-yo ki gen òganizasyon ki pa pou pwofit dwe swiv strikti sa tou, antre prinsip dwazimen anndan pwojè-yo, e koödone efò asistans-yo.

Avek asirans de pi gwo konsidérasyon nou,